# Beruniy kósheleri asfaltlanbaqta

Image not found or type unknown

«Abat awıl» hám «Abat máhálle» mámleketlik baǵdarlaması sheńberinde ishki xojalıq jollarında kúndelikli ońlaw jumısları, sonnan SHPS (qum-sheben aralaspası) tósew hám asfalt jatqarıw boyınsha Beruniy rayonı jollardan paydalanıw unitar kárxanası tárepinen tiyisli jumıslar alıp barılıp atır.

Atap aytqanda, jaqında Doslıq awıl puqaralar jıyını aymaǵındaǵı Kitap hám Afrasiyab kóshelerine mámleketlik baǵdarlama orınlanıwın támiynlew baǵdarında asfalt tóseldi.

Bunnan tısqarı Xorezm, Jayxun, Nawayı, Gúlistan, Shabbaz, Birlik, Bostan mákan puqaralar jıyınları aymaǵında jaylasqan ishki xojalıq jollarında da mámleketlik baǵdarlama sheńberinde qurılıs-ońlaw jumısların alıp barıw belgilengen edi.

**Qaraqalpaq Avtojol**